



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV POU BAY ELAN EKONOMIK POU
KILTIVATÈ YO AK RANFÒSE CHÈN APWOVIZYÒNMAN ALIMANTÈ NEW YORK
LA**

***Pwopozisyon an pral ogmante rezistans sistèm alimentè a, ankouraje
investisman pou modènize fèm yo, ak konstwi yon rezèv mendèv agrikòl pou
lavni***

***Gouvènè a pral pibliye dekrè egzekitif pou ranfòse demann pou manje Eta New
York epi ogmante yon fason konsiderab acha pwodwi agrikòl yo***

***Pwopoze yon pwogram sibvansyon plizyè milyon dola pou bay lekòl yo resous
pou prepare manje lokal yo epi sèvi manje fre ki an sante ki fèt sou plas***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plizyè gwo pwopozisyon pou bay kiltivatè yo yon ogmantasyon ekonomik epi ranfòse chèn apwovizyonman alimentè New York la nan kad diskou sou Eta Leta 2023 a. Endistri agrikòl New York la te fè fas ak yon kantite defi apre pandemi COVID-19 la, ki te mete aksan tou sou frajilite sistèm alimentè lokal la. Gouvènè a te devwale plan pou ranfòse demann pou manje Eta New York epi ogmante radikalman acha pwodwi agrikòl lokal yo, ankouraje investisman pou modènize fèm New York yo, epi konstwi yon rezèv mendèv agrikòl pou lavni.

"Endistri agrikòl New York la esansyèl pou ekonomi nou an, kominote nou yo, ak fason nou viv, epi n ap adopte yon apwòch gouvènmantal konplè, pou sipòte kominote agrikòl New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ sa yo pral pran mezi enpòtan pou ede kominote agrikòl la pwospere - bay kiltivatè New York yo yon elan ekonomik epi asire chèn apwovizyonman alimentè Eta a".

Itilize pouvwa dacha Eta a pou ogmante demann pou agrikilti New York la

Nan kad diskou sou Eta Leta 2023 a, Gouvènè a te pwopoze lanse yon nouvo inisyativ pou ogmante demann pou pwodwi agrikòl New York yo epi ogmante siyifikativman kantite manje ajans Eta New York yo achte. Nan sèvi avèk pwogram ki gen anpil siksè, tankou pwogram soti nan Fèm ale Lekòl (Farm-to-School) Eta a, inisyativ manje lekòl 30 pousan nan New York li a, ak pwogram Nouri New York (Nourish New York) la kòm yon referans, Gouvènè a te fikse yon objektif odasye pou ogmante acha pwodwi alimentè lokal ajans eta a nan 30 pousan. Li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif ki mande

ajans Eta New York yo ak antite enstitisyonèl ki gen rapò yo ogmante pousantaj manje yo akeri nan men pwodiktyè New York yo, ak yon objektif 30 pousan. Sa pral bay kiltivatè yo non sèlman aksè a nouvo mache epi ankouraje plis investisman ekonomik nan pwodiksyon fèm ak pwosesis manje nan New York, men li pral bay kominote agrikòl la yon ogmantasyon ekonomik dirèk tou. Kounye a, Eta New York depanse prèske 4 milyon dola nan manje New York; atravè efò sa a, New York t ap pwokire ak achte pwodui agrikòl pou yon valè prèske 400 milyon dola nan men pwodiktyè lokal yo. Gouvènman Konte ak minisipal yo, ansanm ak distri lekòl lokal yo pral ankouraje tou epi yo pral founi zouti pou atenn objektif sa a.

Anplis de sa, Gouvènè a te pwopoze bay distri lekòl lokal yo 50 milyon dola sou senk ane pou sipòte enstalasyon pou kwit manje ki pral fasilite itilizasyon pwodui agrikòl fre Eta New York nan preparasyon repa pou timoun lekòl Kindègadenn rive 12yèm ane. Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Alimantè Lekòl la pral bay resous lekòl yo bezwen pou rasanble, estoke, trete, ak prepare pwodwi ki soti nan fèm yo, epi rann posib preparasyon manje ki fèt lokalman ki prepare sou plas pou timoun lekòl yo.

Fè kredi enpo investisman yo ranbousab

Gouvènè Hochul ap pwopoze pou baze sou 20 pousan Kredi Enpo pou Investisman ki fèk adopte pou kiltivatè yo lè l ranbouse kredi enpo a pandan senk ane. Kredi enpo ranbousab sa a pral bay yon ankourajman pou investisman adisyonèl nan pwodiksyon nan fèm, tankou achte ekipman, ki gen ladan byodijestè anayewobik dènye modèl ki ka diminye emisyon yo. Apre yon peryòd kote fèm New York yo te fè fas ak anpil defi, tankou deranjman nan chèn apwovizyonman akòz pandemi an, ensètitid sou mache a, ak ogmantasyon depans mendèv, pwopozisyon sa a pral ede pwodiktyè New York yo modènize fèm yo epi pou yo ka pi konpetitif alavni.

Kreye yon rezèv mendèv agrikòl

Konprann ke mendèv se yon eleman enpòtan nan chèn apwovizyonman an, Gouvènè a te pwomèt pou l konstwi yon gwo rezèv mendèv agrikòl epi fè fas ak mank mendèv rezèv nan apwovizyonman alimantè a nan asire pwogram fòmasyon ak edikasyon yo disponib fasilman pou anplwaye aktyèl yo ak pou jenerasyon k ap vini yo. Gouvènè a ap pwopoze pou Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (Agriculture and Markets, AGM) la travay avèk pati konsène kle yo pou idantifye estaj ak aprantisaj pou jèn yo ak moun ki enterese nan yon dezyèm karyè nan domèn òtikilti, jesyon pwodui letye, pwodiksyon rekòt, fabrikasyon manje, distribisyon manje, ak lòt endistri ki gen rapò. AGM pral kolabore tou ak enstitisyon edikatif yo atravè Eta a pou asire yo ke yo ofri pwogram ki nesèsè ki pral ede etidyan yo satisfè kondisyon endistri agrikòl pou travay. Anplis de sa, koneksyon yo pral fèt ak antite devlopman mendèv yo pou koreponn ak plase nouvo mendèv la dirèkteman avèk opòtinite yo nan endistri a.

Inisyativ la pral konsantre tou sou konekte moun imigran yo ak moun k ap chèche azil yo ak travay nan endistri agrikòl ak alimantè a, tankou pwopoze pou ogmante finansman pou sèvis legal yo, ki pral sipòte moun sa yo pou yo jwenn estati travay legal yo. Gouvènè a ap pwopoze tou pou AGM fè patenarya ak òganizasyon agrikòl yo pou

ede travayè migran yo avèk sèvis travay, tankou seleksyon, fòmasyon nan lang, devlopman konpetans debaz, ak plasman.

Ogmante fabrikasyon manje

Gouvènè a rekonèt nesosite pou plis kapasite transfòmasyon agrikòl pou ede konble twou vid ki genyen nan chèn apwovizyonman an. Li pral mande Empire State Development (ESD) ak AGM pou asire sektè pwodiksyon alimantè New York la kontinye grandi ak elaji. ESD ak AGM pral rasanble yon ekip entè-ajans ki pral travay ak nouvo pwodiktè manje yo ki ap devlope pou asire ke yo idantifye obstak ak solisyon yo pandan devlopman pwojè a, evalye ankourajman ki egziste deja yo epi fè rekòmandasyon pou nouvo pwogram pou ankouraje plis envestisman nan pwodiksyon manje nan Eta a.

Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Nou vrèman double travay nou pou ranpli twou vid ki genyen nan sistèm manje a, epi mwen fyè de kolaborasyon k ap fèt atravè endistri a pandan n ap travay ansanm sou sa. Nan nouvo ane sa a, nou gen nouvo opòtinite epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li fè travay sa a vanse, epi li pwopoze inisiyativ odasye ki pral gen yon enpak reyèl, ranfòse sistèm alimantè nou an soti nan kominote agrikòl la rive nan konsomatè yo".

Gouvènè a te pwopoze tou yon kantite pwogram adisyonèl nan diskou sou Eta Leta 2023 a pou gen enpak sou agrikilti, tankou amelyore pwogram jaden kominotè New York ak yon pwogram sibvansyon 10 milyon dola pou sipòte etablisman mache agrikòl, makèt, koperativ manje, ak lòt magazen manje an detay similè, ansanm ak enfrastrikti sipò nan kominote ak rejyon defavorize yo nan Eta a. Pwogram nan pral amelyore opòtinite aksè nan manje nan kominote ki tradisyonèlman defavorize yo:

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418